



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN KLE NAN SANTE MANTAL POU
TOUT NOUYÒKÈ YO NAN KAD AKÒ BIDJÈ ANE FISKAL 2025 LA**

***Alwe 20 milyon dola pou ogmante klinik sante mantal ki baze nan lekòl nan tout
Eta a; 19 milyon dola pou inisyativ sante pou jèn ki gen laj pou ale lekòl***

***Ajoute 200 kabann sikyatrik pou pasyan entène yo nan etablisman Eta a yo, ki
gen ladan 75 kabann pou Tranzisyon nan kay***

***Egzije pou founisè asirans komèsyal yo satisfè tarif Medicaid pou sèvis sante
mantal ki gen lisans pou pasyan ekstèn yo***

***Finansman an baze sou plan 1 milya dola lidè nasyonal Gouvènè Hochul la pou
transfòme sistèm swen sante mantal la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a envestisman enpòtan nan sante mantal pou Nouyòkè yo nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la. Baze sou envestisman ki soti nan plan 1 milya dola pou plizyè ane pou ranfòse kontinite swen sante mantal eta a, Bidjè ane fiskal 2025 la ajoute kapasite nan tout sistèm nan, elaji pwogram ki egziste deja yo ak yon rekò siksè, finansse nouvo inisyativ ki baze sou prèv, epi ogmante angajman dirèk nan chak etap nan sèvis la.

"Kriz sante mantal la se defi ki defini epòk nou an, epi mwen pran angajman pou elaji resous ak sipò pou Nouyòkè ki bezwen yon koutmen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bati sou siksè envestisman ki pote transfòmasyon 1 milya dola ane pase a, bidjè nou ane sa a pral kontinye transfòme kontinite swen pou Nouyòkè yo ka jwenn swen yo bezwen."

Sipò Sante Mantal pou Jèn New York yo

Gouvènè Kathy Hochul te fè abòde kriz sante mantal jèn yo yon priyorite nan ajanda sante mantal jeneral li a. An fevriye, Gouvènè a te anonse plan li pou ogmante yon fason konsiderab finansman inisyativ la epi fè 20 milyon dola disponib pou lekòl yo nan tout eta a pou ouvri satelit klinik sante mantal endividyèl, sa ki rann li pi fasil pou elèv yo ak fanmi yo jwenn aksè ak sèvis klinik yo. Jouk jounen jodi a, plis pase 1,100 satelit klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo ap fonksyone oswa ap devlope.

Bidjè ane fiskal 2025 la bati sou envestisman sa a ak plis pase 19 milyon dola pou bay jèn yo swen enpòtan andeyò anviwònman lekòl yo, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote yo oswa, lè sa nesesè, nan swen rezidansyèl yo. Inisyativ kle tankou ekip Tretman Kominotè Aètiv pou Jèn yo, ki bay sèvis konplè ak sipò pou jènki riske antre nan tretman sikyatrik rezidansyèl oswa pou pasyan ki entène, yo pral elaji ak 9.6 milyon dola pou kontinye sèvi yo lakay yo ak nan kominote yo chak fwa sa posib. Yon lòt 4 milyon dola pral sipòte yon pwogram padon prè espesyalman pou klinisyen sante mantal ki gen lisans k ap sèvi timoun ak fanmi yo.

Sipò pou Moun ki gen Maladi Mantal Grav

Bidjè Ane Fiskal 2025 la ap kontinye investi nan swen pou moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal konplèks, ki gen ladan Nouyòkè ki gen maladi mantal grav. Bidjè a bay 55 milyon dola pou ajoute 200 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan etablisman sikyatrik eta a, ki gen ladan 15 kabann k ap sèvi timoun ak adolesan, 85 kabann sivil pou granmoun, ak 25 kabann legal.

Finansman sa a pral etabli tou twa nouvo inite Tranzisyon nan Kay ki gen 25 kabann nan sant sikyatrik eta opere pou elaji pwogram siksè sa a bay popilasyon ki bezwen swen espesyalize, enkli moun ki gen yon istwa patisipasyon repete nan jistis kriminèl. Inite Tranzisyon Nan Kay sa yo bay yon konsantre entansif sou konpetans jesyon lavi pou moun ki fè eksperyans sanzabri ak pwoblèm sante mantal.

Dènyèman, Gouvènè a te pwopoze tou nouvo règleman ki te ekri pou gide egzeyat moun ki soti nan anviwònman sikyatrik pou pasyan ki entène ak ijans ak nan sal ijans lopital yo. Bidjè a asiyen 7 milyon dola nan Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) pou fè efò siveyans ak konfòmite.

Finalman, Bidjè a gen ladan 33 milyon dola pou amelyore angajman ak moun k ap viv ak maladi mantal epi ki enplike nan sistèm jistis kriminèl la. Finansman sa a pral amelyore rezilta yo nan asire ke moun ki gen yon istwa nan tretman sante mantal, mank angajman nan tretman, oswa lòt enkyetid sante mantal konekte ak sèvis ak sipò ki nesesè yo.

Ogmante Tarif Asirans pou Sèvis Sante Mantal

Gouvènè Hochul rete angaje l pou l fè envestisman rekò nan sante mantal, tankou amelyore kouvèti asirans pou swen sante mantal. Bidjè ane fiskal 2025 la pral mande pou konpayi asirans komèsyal yo peye pou sèvis sante mantal pou pasyan ekstèn ak lisans Eta a omwen nan to Medicaid la. Anvan sa, anpil tarif asirans komèsyal yo pa te ase pou kouvri depans ki te fèt pou bay pasyan yo sèvis yo. Bidjè a investi tou 84 milyon dola pou ogmante ranbousman Medicaid pou sèvis yo bay nan sèten lokal k ap trete maladi mantal.

Dènyèman, Gouvènè a te pwopoze tou règleman pou etabli estanda rezo adekwat pou sèvis sante konpòtmantal pou konpayi asirans komèsyal yo. Règleman yo etabli tan datant randevou pou sèvis sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans, epi lè yon founisè nan rezo a pa disponib nan nòm sa yo, règleman yo pral mande konpayi

asirans yo pou pèmèt aksè a yon founisè andeyò rezo a san frè anplis. Yo te pwopoze nòm ki sanble sou konpetans rezo sante konpòtmantal pou pwogram Medicaid la.

Lòt inisyativ ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la pou ede Nouyòkè yo atravè eta a gen ladan 90 milyon dola nan finansman règleman opyoyid, kote Eta New York pral kontinye dirije peyi a nan debouse lajan ki garanti nan akò règleman ak fabrikan opyoyid ak konpayi famasetik yo.

Bidjè Ane Fiskal 2025 la asiyen tou 2 milyon dola pou efò prevansyon kont swisid pou premye sekouris yo. Sa a ajoue sou 1 milyon dola yo atribye chak ane pou efò prevansyon kont swisid pou veteran, premye sekouris yo, lapolis, ak ofisye koreksyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)